# Wongororo yeKudzidzisa Kwakafanana nekwaKristu

**Nangisa pfungwa panaJesu Kristu**

| Dzidzisa pamusoro paJesu Kristu Zvisina Mhosva Nokuti Uri Kudzidzisa Chii | Batsira Vadzidzi Kuuya kuna Jesu Kristu |
|---|---|
| Simbisa Muenzaniso waJesu Kristu. | Batsira Vadzidzi Kuona Rudo, Simba, neNgoni zvaIshe muUpenyu Hwavo. |
| Dzidzisa pamusoro peMazita, Mabasa, uye Hunhu hwaJesu Kristu | Batsira Vadzidzi Kusimbisa Hukama Hwavo naBaba Vokudenga uye naJesu Kristu. |
| Tsvaga Zviratidzo Zvinopupura nezvaJesu Kristu | Batsira Vadzidzi kuti Vaedze neVavariro Kuti vave saJesu Kristu Zvakanyanya. |

**Misimboti yeKudzidzisa Kwakafanana nekwaKristu**

| Ida Avo Vaunodzidzisa | Dzidzisa kuburikidza neMweya | Dzidzisa Dzidziso | Kurudzira Kudzidza Nekushingaira |
|---|---|---|---|
| Ona vadzidzi nenzira Mwari yavanovaona. | Zvigadzirire iwe pachako pane zvepamweya. | Dzidza dzidziso yaJesu Kristu iwe pachako. | Batsira vadzidzi kutaririra kudzidza kwavo. |
| Tsvaka kuvaziva—kunzwisisa mamiriro ezvinhu avo, zvidikanwi zvavo, uye nekwaniso dzavo. | Iva wakagadzirira nguva dzose kudavira kufemero dzezvemweya pamusoro pezvidikanwi zvevadzidzi. | Dzidzisa kubva mumagwaro matsvene uye mumashoko avaporofita vamazuva ekupedzisira. | Kurudzira vadzidzi kuti vasvike pakuziva Muponesi kuburikidza nokunzvera vhangeri zuva nezuva. |
| Vanamatirire nemazita avo. | Ita kuti pave nemamiriro ezvinhu uye mikana yekuti vadzidzi vadzidziswe neMweya Mutsvene. | Batsira vadzidzi kutsvaga, kuziva, nekunzwisisa zvokwadi zviri mumagwaro matsvene. | Koka vadzidzi kuti vagadzirire kudzidza. |
| Ita kuti munhu wese anzwe kuva akachengeteka uye anzwe kuremekedzwa uye azive kuti pfungwa dzaanogovera dzinokosheswa. | Batsira vadzidzi kutsvaga, kuona, uye nekuita chimwe chinhu pamusoro pezvakazarurwa zvavo pachavo. | Nangisa pfungwa pazvokwadi zvinotungamira kurutendeuko uye nokuvaka rutendo muna Jesu Kristu. | Kurudzira vadzidzi kuti vagovere zvokwadi zvavari kudzidza. |
| Wana nzira dzakakodzera dzokuratidza rudo rwako. | Ipa uchapupu nguva zhinji, uye koka vadzidzi kuti vagovere manzwiro avo, zviitiko zvavo, uye uchapupu hwavo. | Batsira vadzidzi kuwana zvinoenderana navo pachavo mudzidziso yaJesu Kristu. | Koka vadzidzi kuti vararame izvo zvavari kudzidza. |